**दिन–रवि** **दिनांक–19.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश मे लोकसभा चुनावक पाँचम चरण मे पाँच संसदीय निर्वाचन क्षेत्र सीतामढ़ी, मधुबनी, मुजफ्फरपुर, सारण आ हाजीपुर मे काल्हि मतदान होयत। एहि चरण मे पंचानवे लाख सँ बेसी मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग कऽ सकताह। एहि मे पुरूष मतदाताक संख्या उनचास लाख निनानवें हजार छओ सय सत्ताईस आ महिला मतदाताक संख्या पैंतालीस लाख एगारह हजार दू सय उनसठि अछि। ओतहि, थर्ड जेंडरक मतदाताक संख्या तीन सय अछि। ओतहि, पहिल बेर मतदान करएवलाक संख्या एक लाख छब्बीस हजार एक सय चौवन अछि।

---

निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार शांतिपूर्ण आ निष्पक्ष मतदान संपन्न करेबाक लेल व्यापक व्यवस्था कयल गेल अछि। मतदान केन्द्र पर नागरिक सुविधा सभक प्रर्याप्त व्यवस्था कयल गेल अछि। पुलिस मुख्यालय सँ प्राप्त जनतबक अनुसार लगभग साठि हजार सुरक्षा बल आ पुलिस कर्मी चुनाव ड्यूटी मे तैनात कयल गेल छथि। दियारा क्षेत्र आ नेपाल सँ सटल सीमा क्षेत्र मे सुरक्षाक अतिरिक्त व्यवस्था कयल गेल अछि। अंतरजिला चेक पोस्ट बनाकऽ वाहन सभक जाँच कयल जा रहल अछि। दियारा क्षेत्र मे नदी गश्तीक व्यवस्था कयल गेल अछि। लगभग बीस घुड़सवारी दल सेहो तैनात कयल गेल अछि जे दियाराक सुदूर क्षेत्र मे निगरानी करत। मतदानक दरमियान कोनो तरहक अफवाह फैलाबएवला आ गड़बड़ी करएवलाक विरूद्ध कठोर कार्रवाई के निर्देश देल गेल अछि। कोनो आपातकालीन स्थिति सँ निबटबाक लेल दरभंगा मे दू एयर एम्बुलेंस के सेहो तैनात राखल गेल अछि।

---

पाँचम चरण मे प्रदेशक पाँच संसदीय क्षेत्र मे छओ महिला उम्मीदवार सहित कुल अस्सी प्रत्याशी चुनाव मैदान मे छथि। सभ सँ बेसी छब्बीस प्रत्याशी मुजफ्फरपुर लोकसभा क्षेत्र

सँ छथि, जखनकि सभ सँ कम बारह प्रत्याशी मधुबनी संसदीय क्षेत्र सँ छथि। एकर अतिरिक्त सीतामढ़ी, सारण आ हाजीपुर लोकसभा क्षेत्र मे चौदह–चौदह प्रत्याशी चुनाव मैदान मे छथि। सारण संसदीय क्षेत्र मे मुख्य मोकाबिला भाजपाक राजीव प्रताप रूढ़ी आ राजद प्रत्याशी रोहिणी आचार्य के मध्य मानल जा रहल अछि। हाजीपुर सुरक्षित सीट पर मुख्य मोकाबिला एनडीए प्रत्याशी लोजपा रामविलास अध्यक्ष चिराग पासवान आ राजदक शिवचन्द्र राम के मध्य अछि। ओतहि, सीतामढ़ी मे एनडीए प्रत्याशी जदयूक देवेशचन्द्र ठाकुर आ राजदक अर्जुन राय मे सोझे टक्कर अछि। मधुबनी मे भाजपाक अशोक यादव आ राजदक अली अशरफ फातमीक मध्य मुख्य मोकाबिला अछि। एम्हर, मुजफ्फरपुर संसदीय सीट पर भाजपाक राजभूषण चौधरी निषाद कैँ कांग्रेसक अजय निषाद चुनौती दऽ रहलाह अछि। पैंतीस निर्दलीय उम्मीदवार चुनाव मैदान मे छथि।

———————————————————————————

लोकसभा चुनावक अंतिम दू चरणक लेल प्रचार तेज भऽ गेल अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आइ पश्चिम चंपारण संसदीय सीट सँ भाजपा उम्मीदवार संजय जायसवालक समर्थन मे बेतियाक बड़ा रमना मैदान मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह कहलनि जे लोकसभाक चारि चरणक चुनाव सभ मे भाजपा के अपार जनसमर्थन भेटल अछि। पश्चिम चंपारण संसदीय क्षेत्रक बेतिया मे चुनावी सभा के सम्बोधित करैत श्री शाह दावा कयलनि जे चारि चरणहि मे एनडीए दू सय सत्तरि सीटक आंकड़ा प्राप्त कऽ चुकल अछि। एम्हर, जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सीवान आ गोपालगंज संसदीय क्षेत्र मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव महाराजगंज लोकसभा क्षेत्र आ सीवान संसदीय क्षेत्र मे महागठबंधनक प्रत्याशी सभक समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि।

———————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एक्कैस मई कऽ सीवान आ पूर्वी चंपारण लोकसभा क्षेत्र मे एनडीए उम्मीदवार सभक समर्थन मे चुनावी रैली के सम्बोधित करताह। श्री मोदीक सभा सीवानक गोरियाकोठी आ मोतिहारीक गाँधी मैदान मे आयोजित होयत। प्राप्त जनतबक अनुसार प्रधानमंत्री काल्हि सांझ अपन बिहार दौराक अंतर्गत पटना पहुँचताह। श्री मोदी राजभवन मे रात्रि विश्राम करताह।

---

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता जयराम रमेश आइ कहलनि जे हुनक पार्टी धर्मक आधार पर आरक्षणक समर्थन नहि करैत अछि। श्री रमेश आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे मुस्लिम धर्म मे किछु जातिक आरक्षणक दायरा मे अबैत अछि। ओहि के आधार पर कर्नाटक मे आरक्षण देल गेल अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।